

Vèni Fliyorid: Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa vèni fliyorid la ye?

Vèni fliyorid la se yon kouch pwoteksyon yo mete sou dan yo pou ede anpeche twou nan dan.

Poukisa yo rekòmande vèni fliyorid la?

Twou nan dan ka bay doulè ak enfeksyon, sa ki ka mennen pwoblèm manje, pale, jwe ak aprann. Vèni fliyorid la fè dan yo vin pi solid, anpeche twou nan dan yo vin pi mal epi ede anpeche pou gen nouvo twou ki fòme nan dan yo.

Èske vèni fliyorid la san danje?

Wi, pa gen danje pou mete vèni fliyorid la a nenpòt laj, menm pou tibebe lè dan yo fèk parèt. Si ou gen kesyon oswa bagay k ap trakase ou sou itilizasyon vèni fliyorid la, pale avèk pwofesyonèl swen sante ou oswa avèk dantis ou. Timoun yo dwe kòmanse al kay dantis anvan laj 1 nan.


Kijan yo mete vèni fliyorid la?

Se yon dantis, yon oksilyè dantè, yon doktè oswa yon enfimye(è) k ap pentire vèni fliyorid la sou dan yo avèk yon penso. Se yon pwosedi rapid ak fasil ki pa bay ni doulè ni move gou. Vèni a kole sou dan yo epi li gen dwa kite yon kouch fen tanporè. Se yon bagay ki nòmal epi li pral ale lè ou bwose dan yo.

Konbyen tan vèni fliyorid la dire?

Vèni fliyorid la pwoteje dan yo pandan plizyè mwa. Li bay pi bon rezilta lè yo remete li chak twa a sis mwa.

Yon timoun k ap resevwa vèni fliyorid



Èske mwen ka manje, bwè oswa bwose dan mwen nòmalman lè yo fin mete vèni fliyorid la pou mwen?

Ou ka manje ak bwè lè yo fin mete vèni fliyorid la pou ou, men evite manje ki cho, ki di oswa ki kole pandan rès jounen an. Tann jiska landmen maten pou bwose dan ou.

Èske asirans ap kouvri vèni fliyorid la?

Pifò konpayi asirans dantè yo, sa gen ladan Medicaid ak Child Health Plus, kouvri vèni fliyorid. Pou yo ede ou enskri nan asirans maladi oswa renouvle li, rele **311** oswa 347-665-0214 oswa ale sou nyc.gov/health/healthcoverage. Pou yo ede ou jwenn yon pwofesyonèl dantè bon mache ki toupre ou, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/health/map.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sante bouch, ale sou nyc.gov/health/teeth.